



**Devwe pou Defanns Jistis
ak Sekirite Moun**

**Gid pou Viktim Vyolans
Anndan Lakay ak pou Moun yo
Anbiske pou Veyl.**

Katherine Fernandez Rundle
AVOKA GOUVÈNMAN
Onzyèm Jiridiksyon, Condado de Miami-Dade

Kisa ki Vyolans Anndan Lakay?

Vyolans anndan lakay se abitud yon moun ki renmen kontwole yon lòt moun ke li genyen oubyen ke li te genyen yon relasyon pèsone, relasyon entim oubyen rapò familyal. Vyolans anndan lakay la ka gen menas yo fè w, ba w kalòt, toufe w oubyen pouse w, kenbe w, ba w kout pye, fòse w oubyen ba w presyon pou fè lanmou lè ou pa vle, oubyen nenpòt ki lòt kalite zak ou pa vle. Si nenpòt ki bagay sa yo rive w, ou ka santi ou pa ka fè anyen kont sa, ou ka pè, ou ka wont, santi w koupab epi fache. Ou ka blame tèt ou pou bagay k ap pase yo epi rann tèt ou responsab pou sò moun k ap fè w pase mizè a. Kapab gen lòt pwoblèm lakay ou, tankou lajan ki manke epi enkyetid pou timoun oubyen lòt manm fanmi an ki fè li difisil pou rale kò w nan mizè w ap pase avèk konpayon w lan.

Vyolans anndan lakay ka rive nenpòt ki moun, kèlkeswa fòmasyon edikasyonèl ou epi pozisyon sosyal oubyen ekonomik, oswa orijin etnik ou.

Vyolans anndan lakay rive moun tout laj nan tout kominote. Silvouplè sonje ou pa poukont ou. Gen moun ak ajans ki dispoze epi ki kapab ede w.

Kijan pou m bati yon plan sekirite?

Pa gen repons fasil pou asire sekirite, sèlman sijasyon ki ka ede w. Yo dwe konsidere sekirite lakay ou, nan travay ou, ak nan zòn kote moun vwayaje toutan.

LAKAY

- Mete yon sistèm alam lakay ou oubyen nan apatman w.
- Taye touf zèb ak pyebwa toutotou kay ou pou elimine oubyen redwi kote moun ka kache.
- Mete tij sekirite nan fenèt yo ak pòt akoulis.
- Enstale ba sekirite atravè mitan pòt akoulis.
- Asire ke seri san manch pòt yo byen vise ak vis ki gen omwen de pous longè.
- Mete limyè ki de tekte lè gen mouvman pa deyò kay la.
- Mete seri nan pòt chanmakouche yo.
- Enstale twou nan pòt yo pou ka wè deyò a.
- Kenbe yon telefòn selilè toupre w toutan.
- Kenbe dokiman enpòtan (batistè, nimewo sekirite sosyal) nan yon bwat ki an sekirite oubyen yon kote an sekirite.
- Kenbe yon " sache derechanj " avèk atik ke w bezwen toulejou lakay yon zanmi ke w fè konfyans.

MACHIN

- Avan ou antre nan machin lan gade anndan l ak anba l.
- Pa pase nan menm wout yo toutan.
- Toujou klete tout pòt ou lè w ap kondwi.
- Toujou kite ase distans ant oumenm ak machin ki devan w lan pou ka chanje liy vit.

TRAVAY

- Sonje fè kòlèg ou yo konnen nan ki ka ou ye.
- Si l posib, varye orè travay ou.
- Fè yon lòt moun mete vwa l pou mesaj nan telefòn ou konsa se pa p vwa pa w yo tande.
- Fè yon moun akonpaye w lè w pral nan machin ou ak lè w ap soti nan machin ou.
- Si l posib, elimine tan ou fè ap travay poukont ou.
- Di kolèg ou yo pou yo pa bay okenn enfòmasyon sou ou ni pou yo pa rakonte lòt moun afè w.

PIBLIK

- Chanje woutin ou chak jou.
- Sèlman moun ou fè konfyans pou ou rakonte pwojè w.
- Si w gen yon manda pou pwoteksyon oubyen yon lòt kalite manda ki defann yon moun pwoche kote w, toujou mache avèk li sou ou.
- Evite kote ki izole, tankou koridò, saldeben etc.

Kisa yo rele anbiske pou veye yon moun?

Lwa Florida 784.048 di: " Nenpòt ki moun k ap swiv oubyen anbete yon lòt moun volontèman, ak move entansyon, epi ap fè sa toutan, komèt yon enfraksyon yo rele anbiske pou veye moun". Konpòtman anbete moun ka gen fè dega, apèl nan telefòn ki anmèdan oubyen ki gen menas, voye lèt oubyen kat bay moun ki pa bezwen yo, bay kado, parèt nan travay ou, lakay ou, oubyen nan lekòl ou, oubyen eseye jwenn enfòmasyon sou ou nan men lòt moun.

PLIZYÈ JAN MOUN ANBISKE POU VEYE MOUN

Obsesyon Senp

Kalite moun k ap swiv moun sa yo se li ki pi komen. Dabidid se yon gason ki konnen viktim lan kòm ansyen madanm, ansyen mennaj oubyen ansyen patwon ki kòmanse avèk abitud anmède viktim lan. Abitud swiv moun lan kòmanse oubyen lè renmen an ap gate, oubyen fini, oubyen gen yon tandans move tretman.

Obsesyon Damou

Moun sa a se yon etranje pou viktim lan, men li obsede, epi li kòmanse yon kanpay pou anmède lòt moun lan, pou fè l konnen li enterese nan li. Pi souvan, yon moun konsa anbiske pou veye yon selebrite oswa yon pèsonalite piblik, men li kapab obsede tou pou yon kesyè labank, oswa pou yon aplwaye nan yon magazen.

Ewotomàn

Moun k ap swiv lòt la se souvan yon fi e li kwè, menm lè se pa vre, ke viktim lan renmen l epi, si se pa t poutèt enfliyans lòt moun, yo ta ansanm. Viktim lan ka yon moun rich oubyen yon moun ki gen renome oubyen yon moun ki gen pouvwa, tankou patwon ou, aktè sinema oubyen yon politisyen. Nan sitiyasyon sa a, moun ki trè byen ak viktim lan (tankou mari oubyen mennaj ke yo konsidere kòm " yon obstak ") kapab nan pi gwo danje.

Refij

REFIJ POU VYOLANS ANNDAN LAKAY

- Advocates For Victims North/Safespace(305) 758-2546
(Moun k ap defann Viktim nan Nò/Kote ki an Sekirite)
- Advocates For Victim South/Safespace (305) 247-4249
(Moun k ap defann Viktim nan Sid/Kote ki an Sekirite)
- Women in Distress (954) 760-9800
(Fanm ki an detrès)
- The Lodge..... (305) 693-1170

REFIJ POU FANM

- Missionaries of Charity (Mother Theresa)
(Misyonè Charite)
724 NW 17th St. (305) 326-0032
- Miami Rescue Mission (Misyon Sovtaj nan Miami)
2250 NW 1st Ave. (305) 571-2250
- Salvation Army (Ame di Sali)
1907 NW 38th St. (305) 637-6720

REFIJ POU GASON

- Camillus House (Kay Camillus)
726 NE 1st Ave.(305) 374-1065 ext 414/428
- Miami Rescue Mission (Misyon Sovtaj nan Miami)
2020 NW 1st Ave..... (305) 571-2211
- Salvation Army (Ame di Sali)
1907 NW 38th St. (305) 637-6720

Nimewo Enpòtan ak Nimewo Ijans

- Ijans 911
- Advocates For Victims North/Safespace. (305) 758-2546
(Moun k ap defann Viktim nan Nò/ Kote ki an Sekirite)
- Advocates For Victims South/Safespace .. (305) 247-4249
(Moun k ap defann Viktim nan Sid/Kote ki an Sekirite)
- 24-Hours Domestic Violence Hotline (305) 349-5888
(Nimewo Ijans 24 sou 24 pou Vyolans Ann dan LaKay)
- Switchboard of Miami (305) 358-4357
(Nimewo Santral pou Miami)
- Florida Abuse Hotline 1-800-96-ABUSE
(Nimewo Ijans pou Abi nan Florida)

Lòt Referans

REFERANS LEGAL

- Legal Aid Society (Sosyete Èd Legal)
123 NW 1st Ave., Miami(305) 579-5733
- Legal Services of Greater Miami (Sèvis Legal nan Miami)
3000 Biscayne Blvd., 5 Floor, Miami..... (305) 576-0080
10720 Caribbean Blvd., Suite 400,
Cutler Ridge..... (305) 232-9680

ÈD FINANSYE AK ÈD POU TRAVAY

- Bureau of Crimes Compensation 1-800-226-6667
(Biwo Konpensasyon pou Krim Yo)
- Jobs for Miami Training Academy & Workforce
(Travay pou Miami Training Academy & Workforce)
7900 NE 2nd Avenue, 6th floor (305) 759-6511

Ki kote yo ka ban mwen yon manda pou pwoteksyon?

- Lawson E. Thomas Courthouse Center
175 NW 1st Ave., Mezzanine Floor, Miami (305) 349-5888
- South Dade Justice Center
10710 SW 211th St., Room 1306, Cutler Ridge (305) 252-5807
- North Dade Justice Center
15555 Biscayne Blvd., Room 103, Miami (305) 354-8736
- Hialeah Courthouse Center
11 East 6th St., Hialeah (305) 520-4031

Pwogram Adrès Konfidansyèl Biwo Avoka Gouvènman

Pwogram Adrès Konfidansyèl Leta Florida ede viktim vyolans anndan lakay yo k ap eseye sove anba vyolans oubyen menas epi ki bezwen lòt kay. Y ap bay patisipan yo yon adrès ke Biwo Pwokirè Jeneral la ap fè yo jwenn kòm yon ranplasman adrès pou lèt yo pou anpeche moun k ap atake yo a pou yo jwenn avèk yo. Atravè ranplasman adrès la, patisipan nan pwogram lan resevwa gratis yon adrès ki se kote yo ka voye lèt yo pou yo. Avoka Gouvènman an sèvi ak ajan legal pou chak kliyan pou resevwa lèt ak sèvis pwosè. Viktim yo ki reyisi kite yon sitiyasyon kote yo te abize yo kapab aplike. Silvouplè kontakte 1-800-226-6667 pou plis enfòmasyon (Biwo Pwokirè Jeneral).

Pa kite sikilè sa a oubyen nenpòt ki lòt sikilè kote moun k ap abize moun kapab jwenn yo!

*Dapre Ak Ameriken ki Andikape, moun ki bezwen aranjman rezonab pou ede yo nan nenpòt ki pwosè kriminèl dwe kontakte Konseye Viktim/Temwen oubyen Sekretè a oubyen pou moun ki pa tande byen yo, telefone (TDD) 1-800-955-8771 atravè Florida Relay Service.

Pwojè sa a finansé ak Sibvansyon nimewo 2004-WF-BX-0001, ki soti nan Biwo pou Sipò kont Vyolans sou Fanm, Pwogram Biwo Lajistis, nan Depatman Lajistis Etazini. Opinyon ki ekri nan dokiman sa a se opinyon otè a, ki pa oblije reprezante pozisyon oswa règleman Depatman Etazini an, ni Depatman Florida pou Timoun ak Fanmi an.

Biwo Pwokirè Jeneral la rekonèt enpòtans pou yo sispann

vyolans anndan lakay. Inite

Krim Anndan Lakay yo

ak pèsonèl yo dispoze pou

yo evalye bezwen w epi ba w sipò pandan pwosè jistis

kriminèl la. Nou gen inite

nan Biwo prensipal Avoka

Gouvènman an, E.R. Graham

Building ak nan Courthouse

Center, anplis lòt sikisal tri-

binal, ki okipe akizasyon

grav ak akizasyon minè krim

vyolans anndan lakay. Moun

k ap ede avoka ak Konseye

Viktim/Temwen disponib

pou ede w.

Gen de jan yo fè inite espesyalize yo konnen lè ka sa yo rive:

Moun ki vin plenyen yo se lè nenpòt ki sitwayen vin nan Biwo Avoka Gouvènman apre yon ensidan vyolans anndan lakay kote pa t gen arestasyon. Yon moun k ap ede avoka yo ap pran temwayaj sou sèman nan men w sou sa ki pase a, epi y ap deside apre yon envestigasyon si y ap kontinye ou non ak akizasyon kriminèl yo.

Apre yon arestasyon, yo ka ba w yon dat ak yon lè pou w prezante pou bay yon temwayaj sou sèman sou sa ki pase a. Yo rele sa yon Konferans anvan yo Inisye yon Pwosè.

BIWO PRENSIPAL YO

E.R. Graham Building

(Ka Arestasyon pou Akizasyon Grav & Moun ki vin pote plent san randevou)

1350 NW 12th Ave. (305) 547-0150

Lawson E. Thomas Courthouse Center

(Ka Arestasyon pou Akizasyon Minè & Moun ki vin pote plent san randevou)

175 NW 1st Ave. (305) 349-5830

SIKISAL YO

(Sèlman moun ki vin fè plent pou Akizasyon Minè san randevou)

Hialeah Courthouse Center

11 East 6th St., 2yèm etaj
(305) 520-4039

North Dade Justice Center

15555 Biscayne Blvd., 2yèm etaj
(305) 354-8725

South Dade Justice Center

10710 SW 211th St., Suite 1901
(305) 234-1430

Miami Beach Center

1130 Washington Ave.
(305) 535-4210

Joseph Caleb Center

5400 NW 22nd Ave.
(305) 636-2240

Anndan Lakay